# “Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги” китабының VII томы таныстырылды

Image not found or type unknown

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик уинверситетинде жақында “Қарақалпақстан” баспасынан жоқары сапада басылып шыққан “Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги” китабының VII томын кең жәмийетшиликке таныстырыўға бағышланған семинар болып өтти.**

Онда профессор-оқытыўшылар, тилши илимпазлар, қәнигелер, баспа хызметкерлери, студент жаслар ҳәм ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери қатнасты.

Image not found or type unknown

Илажда Қарақалпақ мәмлекетлик уинверситетиниң Жаслар мәселелери ҳәм руўхый–ағартыўшылық ислери бойынша проректоры С.Алаўатдинов, университеттиң Қарақалпақ тил билими кафедрасының профессоры, филология илимлериниң докторы Ш.Абдиназимов, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының мәмлекетлик тил мәселелери бойынша мәсләҳәтшиси П.Дабылов, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Қарақалпақ тил билими кафедрасының доценти, филология илимлериниң докторы А.Пирниязова, усы институттың доценти, филология илимлериниң кандидаты У.Ембергеновлар шығып сөйлеп, “Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги” китабының VII томының таярланыў процеси, оған киргизилген сөзлер, машқалалар ҳәм алдағы ўазыйпаларға тоқтап өтти.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Атап өтилгениндей, миллий мәдениятымыз бенен мәнаўиятымызды раўажландырыўда, оның жоқары дәрежелерге ерисиўинде ана тилимиздиң тутқан орны айрықша әҳмийетке ийе, Соңғы жыллары ана тилимизди сақлаўға, оны буннан былай да байытыўға мәмлекетлик сиясат дәрежесинде итибар қаратылып, бул бағдарда ийгиликли ислер әмелге асырылмақта. Соның ишинде Қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил бийлигиниң берилиўи, “Мәмлекетлик тил ҳаққында”ғы Нызамның қабыл етилиўи қарақалпақ тили тарийхында жаңа басқышты баслап берди.

“Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги” биринши мәрте 1982-1992-жыллары Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Н.Даўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының сөзлик ҳәм терминология бөлими тәрепинен таярланып, төрт томлық жәрияланды.  Мине биринши том жәрияланғанлы берли 40 жылға шамалас ўақыт өтти.

Тил жанлы организм сыяқлы бәрқулла раўажланып ҳәм байып барады. Тилдиң раўажланыўы барысында оның сөзлик қурамы басқа тараўларға салыстырғанда тез, сезилерли ҳәм үлкен өзгерислерге ушырайды. Жәмийетлик-сиясий, мәдений ҳәм экономикалық турмыстағы өзгерислер биринши гезекте тилдиң сөзлик қурамында өз сәўлелениўин табады. Усы өткен ўақыт ишинде қарақалпақ тили лексикасында жүз берген өзгерислер есапқа алынса, бул сөзликтиң жаңа толықтырылған баспасын жаратыў ўақты келгени ҳәм бул бүгинги күнниң талабы екеннлиги сезиледи.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Қарақалпақ тилиниң сөзлик қурамында жүз берген усындай өзгерислер тийкарында қарақалпақ тилиниң дәўир талабына жуўап беретуғын көп томлы түсиндирме сөзлигин дүзиў ўазыйпасы ҳәм оны басып шығарыў мәселеси Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы республикалық терминология орайының 2019-жыл 7-январьдағы қарары тийкарында қолға алынды. Қарақалпақстан Республикасмы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-

жыл 16-июльдеги қарары менен тастыйықланған 2021-2030-жылларда қарақалпақ тилин раўажландырыў ҳәм тил сиясатын жетилистириў концепциясында көп томлық толықтырылған басылымын баспаға таярлаў ўазыйпасы қойылды. Усы ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде жәмәәтлик басламада бул сөзликти дүзиў жумыслары басланды.

Илажда сөзге шыққанлар “Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги” китабының VII томы бойынша өзлериниң пикир-усынысларын билдирди ҳәм қызықтырған сораўларына қәнигелерден тийисли жуўап алды.